



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES POTE PLENT POU RETABLI  
73 MILYON DOLA NAN LAJAN FEDERAL POU OTOWOUT POU NOUYÒK**

***Nouyòk konteste desizyon Administrasyon Trump lan pou anile finansman  
enpòtan pou enfrastrikti esansyèl yo***

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral Nouyòk la, Letitia James, depoze yon pwosè jodi a pou bloke anilasyon ilegal gouvènman federal la fè sou plis pase 73 milyon dola nan finansman otowout pou Nouyòk. Semèn pase a, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Etazini te anonse li t ap kenbe finansman an apre Nouyòk te refize demann DOT yo pou anile sèten lisans chofè, kote yo te bay tout an konfòmite total ak règleman eta ak federal yo. Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James di aksyon sou finansman an ilegal, li met Nouyòkè yo an danje, epi y ap chèche retabli tout finansman an pou eta a.

"Yon lòt fwa ankò, Nouyòk ap fè fas ak gwo rediksyon federal san okenn lòt rezon pase vanjans politik. Men verite a: Nouyòk toujou suiv règ federal yo lè l bay lisans chofè komèsyal (Commercial Driver's Licenses, CDLs), yon bagay menm administrasyon Trump anvan an te verifye ane apre ane". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Retire lajan ki sèvi pou amelyorasyon sekirite ki esansyèl sou wout nou yo se yon zak ensousyan, epi li ilegal. Nan kanpe ansanm ak Pwokirè Jeneral James, nou pral goumen — epi genyen — devan tribinal pou retabli finansman sa a epi asire wout nou yo an sekirite pou plizyè milyon Nouyòkè ki konte sou yo."

**Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk la, Letitia James, te deklare,** "Nouyòkè yo konte sou wout ak pon ki an sekirite epi fyab pou yo ale travay, mennen pitit yo lekòl, epi fè ekonomi nou an kontinye avanse. Administrasyon an pa ka pwomèt finansman pou eta nou an epi ansuit retire li touswit. Lè li anile finansman sa a, gouvènman federal la ap mete djòb ak kominote yo an danje. Nouyòkè yo konte sou investisman sa yo, epi nou p ap kite prezidan an mete sekirite kominote nou yo an danje. Biwo mwen an ap mennen administrasyon sa a devan tribinal pou asire Nouyòk resevwa chak dola yo dwe li."

Pandan plizyè mwa, DOT te eseye fè presyon sou Nouyòk pou li revoke kèk Lisans Chofè Komèsyal (CDL) yo te legalman bay pou kèk chofè ki pa sitwayen. Nan dat 16 avril, ajans lan te anonse li t ap bloke plis pase 73.5 milyon dola nan finansman federal pou otowout ki te deja apwouve pou Nouyòk, epi li te menase pou kenbe 147 milyon

dola anplis chak ane nan ane k ap vini yo. Nouyòk bay CDL yo an konfòmite ak egzijans eta ak federal; tout chofè yo dwe gen estati imigrasyon legal epi satisfè estanda estrik pou tès ak sekirite pou yo kalifye pou yon CDL. Revokasyon lisans sa yo t ap deranje sektè enpòtan ki depann de chofè komèsyal yo epi sa te ka lakòz mank chofè bis ki t ap afekte lekòl ak fanmi yo.

Pwokirè Jeneral James fè konnen aksyon DOT la ilegal epi li baze sou yon nouvo entèpretasyon pwòp règleman lontan li yo ki pa gen okenn baz solid. Pandan plizyè ane, Nouyòk te bay CDL yo an konfòmite total ak lwa federal, jan sa konfime nan pwòp revizyon DOT yo. Pwokirè Jeneral James fè konnen chanjman sibat DOT la se yon desizyon abitè ak kaprisye, li depase otorite ajans lan, epi li eseye fòse Nouyòk anile plizyè milye lisans yo te bay legalman lè li menase finansman enpòtan.

Lajan federal pou otowout Nouyòk yo distribye atravè pwogram Kongrè a te etabli pou soutni antretyen wout, amelyorasyon sekirite, ak amelyorasyon enfrastrikti. Pèdi finansman sa a ta ka retade oswa anile pwòjè transpò enpòtan yo, ogmante depans yo, epi fè ekonomi lokal yo atravè eta a sibi domaj.

Lwa federal la egzije ke nenpòt kontestasyon kont desizyon final DOT yo dwe depoze nan yon Tribinal Sikwi Etazini. Pwokirè Jeneral James depoze jodi a yon petisyon pou revizyon devan Tribinal Apèl Etazini pou Dezyèm Sikwi a, kote li mande tribinal la pou anile desizyon DOT la epi retabli finansman an pou Nouyòk. Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James pral depoze tou yon mosyon pou akselere dosye a, pou jwenn yon desizyon anvan finansman an sibi entèripsyon.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)